

Gid Aprantisaj Eksplorasyon

Wi! Se Matematik! Galri



Envestige **konbinasyon**, jan bagay yo gwoupe ansanm, ak **pèmitasyon**, jan ke yon gwoup bagay kapab mete nan l'òd oubyen ranje.

ESEYE SA

Ekzibit: Scoops "Skoup"

Konbyen konbinasyon krèm a glas 2 savè ke ou kapab "skoupe" ak kat savè? Kobyen diferan fason ke ou kapab ranje savè yo nan yon kòn? Eske de repons sa yo diferan oubyen yo menm?

Eksplore diferan varyete de konsèpt **geometri**, tankou fòm **2D**, ki plat, e strikti **3D** ki gen otè ak pwofondè. Pratike kreye modèl e jwenn liy **simetri**.

ESEYE SA

Ekzibit: Magna-Tiles® Light Table

Identifie chak nan fòm ki reprezante yo. Sèvi ak fòm 2D yo pou kapab kreye strikti 3D. Konbyen diferan tip de fòm 3-dimansyon ke ou kapab bati?

Desine yon modèl baze sou:

- fòm mozayik lan (egz. kare, triyang, kare, triyang)
- koulè mozayik yo (egz, wouj, mòv, rouj, mòv...)
- ni koulè ak fòm mozayik lan

Sèvi ak diferan mozayik pou kapab fè yon fòm ki gen o mwens yon 1 liy simetri ladan'l. Eske ou kapab fè yon fòm ki gen o mwens 2 ou plis liy simetri ladan'l?

Kòman sa menm ak fòm ke ou kapab kreye lè ou sèvi ak yon Hinged Mirror?

Obsève **pwobabilit**e, chans sou kijan ke yon bagay ap soti, an aksyon.

ESEYE SA

Ekzibit: Probability Wall, Probability 1000, Plinko Probability "Mi Pwobabilit, Pwobabilit 1000, Pwobabilit Plinko"

Sèvi ak yon balon a la fwa pou kapab predi ki kote balon an ap tonbe. Yon fwa ke ou predi ki kote ke yon balon endividyl ap tonbe, devine ki kore ke pi fò balon yo ap tonbe. Lage rès balon yo e obsève ki kote pifò balon yo tonbe. Eske prediksyon'w lan te korèk?

Konpare rezulta yo de Mi Pwobabilit an ak ekzibit Tab Pwobabilit an. Eske li pi fasil pou predi oubyen kontwole kote balon ap tonbe nan Plinko, kote ke ou kapab chanje direksyon an?

Fouye pi fon

Reflete e kominike

Kisa ki ekzibi favori'w pou eksplor? Kisa ke ou renmen de li?

Fè koneksyon

Vizite Discovery Woods "Pye Bwa Discovery" pou eksplor matematik nan lannati. Chache fòm ki komen tankou spiral, ron ki konsantre (ron andan ron), ak etwal Jwenn eleman natirèl ki montre simetri. Ale nan Sound Gallery "Galri Son" pou kreye modèl ak son e mizik.

Eskplore plis lakay ou

Envestige plis de pi lwen ke Mize Discovery. Kontinye poze kesyon, fè obsèvasyon, fè eksperimentasyon, e predi kijan y'ap soti: Pratike chache fòm, modèl, ak konbinasyon nan objè de tou lè jou. Eseye jwenn otan de fòm ke posib, nan kare a oktagòn, e tryang a zetwal. Eske ou kapab jwenn liy simetri yo?

Pandan ke oumenm ak pitit ou angaje nan egzibit ki nan Wi! Se Matematik! Galri ou kapab eksplor konsèp ki konekte ak Kourikoulòm travay pou Matematik, ki anseye spesifikman nan avan janden d'anfan, Jaden d'anfan ak 1e Ane a 7èm Ane.